



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE KLEMANS POU TRÈZ MOUN

*Kontinye akonpli angajman pou akòde klemans sou yon baz kontinyèl*

***Baze sou efò Gouvènè a pou refòme pwosesis klemans lan, sa gen ladan konvoke yon Komite Konsiltatif ki gen ekspè san patipri, dedye lòt resous ekip ak ogmante kominikasyon avèk aplikan yo***

Gouvènè Kathy Hochul te akòde jodi a klemans pou 13 moun. Aksyon sa a, ki gen ladan 10 padon ak twa atenyasyon pèn, rekonèt moun ki te demontre remò, ki pwouve reyabilitasyon, epi ki montre yon angajman pou amelyore tèt yo ak kominote pa yo. Aksyon jodi a reprezante angajman kontinyèl Gouvènè a pou l revize ak aji sou aplikasyon pou klemans yo sou yon baz kontinyèl, olye yon sèl fwa nan fen ane a.

"Klemans se youn nan responsablite ki pi solanèl yo te bay yon Gouvènè, epi mwen te pran angajman pou amelyore pwosesis la lè m te antre an fonksyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Efò nou pou konvoke yon nouvo komite konsiltatif – ki reprezante pèspektiv enpòtan ki gen ladan lapolis, viktim yo, sistèm jidisyè a, ak lòt moun – te mennen nan yon pwosesis ki pi efikas pandan n ap kòmanse akòde klemans sou yon baz kontinyèl".

Sibvansyon sa yo fè swivi a angajman Gouvènè Hochul pou dedye lòt resous ekip pou revize aplikasyon yo, sa k ap ede asire pwosesis kontinyèl sa a kapab fèt nan yon fason siyifikatif epi ke chak aplikasyon kapab resevwa atansyon total ak alè yo merite.

Biwo Gouvènè a te franchi yon kantite etap pou amelyore transparans ak kominikasyon nan pwosesis klemans lan. Biwo Klemans Egzekitif (Executive Clemency Bureau) la te aplike yon nouvo politik pou voye lèt regilye bay moun ki gen aplikasyon pou klemans, pou enfòme yo sou sitiyasyon ka yo, epi bay enfòmasyon sou fason pou soumèt enfòmasyon siplemantè pou sipòte aplikasyon pa yo. Biwo Gouvènè a te lanse tou yon nouvo sant wèb sou entènèt pou ede aplikan klemans yo avèk pwosesis aplikasyon an; sant sa a gen ladann nouvo modèl fòmilè aplikasyon pou klemans pou alafwa padon ak kominikasyon pou bay kandida potansyèl yo konsèy amelyore sou ki enfòmasyon pou mete lè y ap aplike.

Gouvènè a te konvoke tou yon Komite Konsiltatif pou Klemans ki gen ladann ekspè san patipri pou ede konseye Gouvènè a sou aplikasyon klemans yo. Apre rekòmandasyon

Komite Konsiltatif Klemans lan, Gouvènè Hochul ap akòde padon bay 10 lòt moun ki gen kondanasyon ki gen omwen yon deseni pou redui kondanasyon twa moun.

### **Padon yo**

Nana Ampaw, 56 ane, te viv yon lavi san krim pandan 15 ane. Li t ap viv Etazini pou apeprè 20 ane, li marye ak yon sitwayen ameriken, epi li gen kat pitit kote tout se sitwayen ameriken oswa rezidan pèmanan legal. Madam Ampaw te travay kòm yon èd swayan nan kay ak yon asistan sante pou yon pwogram sante mantal pandan y ap pouswiv yon diplòm nan travay sosyal. Yo te kondane madam Ampaw paske l te Falsifye Dosye Biznis yo nan Premye Degre an 2007. Yon padon pral ede l pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen Ameriken.

Henry Williams, 70 ane, te viv yon lavi san krim pandan 27 ane. Li te viv Etazini pou plis pase 25 ane epi li marye ak yon sitwayen ameriken; ansanm yo gen sis pitit ak anpil pitit pitit ki se sitwayen ameriken tou. Yo te kondane Mesye Williams pou Lavant Kriminèl Mariwana nan Katriyèm Degre epi Move Konduit an 1996. Yon padon pral ede l pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen Ameriken.

Edelberto Rendon, 59 ane, te viv yon lavi san krim pandan 34 ane. Li te viv Etazini pandan plis pase 37 ane epi te gen de timoun ki se sitwayen ameriken. Li te travay nan endistri sèvis manje pandan plis pase 30 ane epi li aktif nan kominote lokal li a. Yo te kondane Mesye Rendon pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Katriyèm Degre ak Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre an 1989. Yon padon pral ed evite menas depòtasyon pou li kapab rete Etazini avèk fanmi li ak nan kominote li.

Ramon Perez, 58 ane, te viv yon lavi san krim pandan 31 ane. Li te vini Etazini kòm yon adolesan epi li te viv isit la pandan plis pase 30 ane. Li marye ak yon sitwayen Ameriken epi li gen senk pitit ak twa bofis kote tout se sitwayen Ameriken. Li se yon manm aktif nan kominote lokal li a epi l ap jere yon ti biznis avèk madanm li. Yo te kondane li pou Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre ak Tantativ Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole yo nan Katriyèm Degre an 1991. Yon padon pral ede l pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen ameriken.

Raul Labit, 64 ane, te viv yon lavi san krim pandan 32 ane. Li te vini Etazini pou premye fwa nan ane 1980 yo epi li te viv regilyèman isit la pandan plis pase 20 ane. Li gen yon pitit ak de pitit pitit ki se sitwayen ameriken, epi li opere yon biznis kontra ki fè renovasyon ak remodelaj. Yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre an 1990. Yon padon pral ede l pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen ameriken.

David Garcia Nunez, 60 ane, te viv yon lavi san krim pandan 30 ane. Li te viv Etazni pou plis pase 40 ane, li marye ak yon sitwayen ameriken, epi li gen senk timoun ki se sitwayen ameriken. Yo te kondane li pou Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 1987 ak Tantativ Posesyon Kriminèl yon Sibstans

Kontwole yo nan Twazyèm Degre an 1992. Yon padon pral ede l pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen ameriken.

Michael Martin, 56 ane, te viv yon lavi san krim pandan 14 ane. Li te viv Etazini pandan plis pase 33 ane epi li gen anpil mmanm fanmi, ki gen ladan papa, de pitit, ak yon bofis, ki se sitwayen ameriken. Yo te kondane Mesye Martin pou echèk pou konparèt nan Dezyèm Degre an 1999 apre l te rate dat tribinal yo ki gen rapò ak chaj ke li te peye annapre. Yon padon pral ede evite menas depòtasyon ak ede li pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen ameriken.

Sean Stephen, 59 ane, te viv yon lavi san krim pandan 20 ane. Li te vini Etazini lè li ten anviwon senk ane epi li te viv isit la pandan plis pase 50 ane. Li gen yon pitit ki se yon sitwayen ameriken epi ki sèvi kòm yon sous sipò pou plizyè manm fanmi. Li se yon manm aktif nan kominote lokal li a, sa gen ladan patisipasyon nan pwogram konsèy jèn yo epi li jere yon ti biznis. Yo te kondane Mesye Stephen pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 2003. Yon padon pral ed evite menas depòtasyon pou li kapab rete Etazini avèk fanmi li ak nan kominote li.

Christopher Dyer, 38 ane, te viv yon lavi san krim pandan 17 ane. Li te vini Etazini lè li te gen anviwon sèt ane epi te viv isit la pandan anviwon 25 ane anvan yo te depòte li an 2017 akòz kondanasyon li yo. Li marye ak yon sitwayen ameriken epi li gen de pitit ki se sitwayen ameriken, tou de se minè. Mesye Dyer te viv yon lavi san krim pandan apeprè 10 ane lè li te aplike pou sitwayènte Etazini; pwosesis la pito te mennen nan depòtasyon li, epi fanmi li te separe depi lè a. Yo te kondane Mesye Dye pou Tantativ Vòl nan Dezyèm Degre an 2006 ak Atak nan Twazyèm Degre an 2005. Yon padon pral ede l retounen nan Etazini pou l ka rejwenn fanmi li ak kominote li.

Andrew Oxendine, 63 ane, te viv yon lavi san krim pandan 41 ane. Li se yon sitwayen ameriken ak veteran militè, ki te enskri nan Kò Marin Etazini nan laj 17 ane. Li te sèvi nan sèvis aktif ak kòm yon manm nan rezèv yo pandan plizyè ane anvan yo te libere l ak onè an 1999. Mesye Oxendine te travay tou pou yon komisyon opòtinite lojman lokal pou apeprè twa deseni anvan li te pran retrèt sa a. Yo te kondane Mesye Oxendine pou Tantativ Vòl nan Twazyèm Degre an 1982.

### **Atenyasyon Pèn yo**

Gregory Goodwine, 56 ane, te kondane pou vòl nan Premye Degre, Posesyon Kriminèl yon Zam nan Twazyèm Degre, ak Gwo Vòl nan Katriyèm Degre an 2005 an relasyon ak yon vòl valiz deyò nan yon makèt ki pa t mennen nan blesi fizik. Yo te kondane l a 25 ane nan prizon, kote li te sèvi prèske 19 ane. Pandan li nan prizon, Mesye Goodwine te angaje nan yon seri pwogram ki konsantre sou konsèy, devlopman pwòp tèt ou, ak re-ensèsyon nan kominote a ak re-entegrasyon. Li te yon manm aktif tou nan kominote relijye li epi li sèvi kòm konseye pou lòt moun ki nan prizon. Anplis de sa, Mesye Goodwine te vin tounen yon chèchè legal akonpli, li te resevwa yon sètifikasyon asistan jiridik, epi li te pase plizyè ane ap travay nan bibliyotèk dwa pandan anprizònman li. Lè yo lage li, Mesye Goodwine pral viv ak madanm li ak pitit gason li.

Yo te kondane Myeshia Hawkins-Taylor, 49 ane, pou Tantativ Asasina nan Dezyèm Degre an 2017. Yo te kondane li pou 16 ane nan prizon epi li te sèvi plis pase disèt ane ak mwatye tan kondanasyon li a. Madam Hawkins-Taylor se yon sivivan gwo abi fizik, seksyèl ak emosyonèl manm fanmi ak lòt moun te lakòz, epi agresyon imedyat la te rive pandan li t ap soufri yon epizòd apre twomatis. Li menm ak viktim agresyon sa a te rekonsilye, epi viktim nan sipòte yon sibvansyon nan klemans nan ka li a. Pandan anprizònman li, Madam Hawkins-Taylor te angaje li nan pwogram terapetik pou konprann twomatis li a ak enpak li genyen sou konpòtman li, epi li te vin yon manm aktif nan yon rezo defans ki konsantre sou bay konsèy ak sipòte sivivan vyolans domestik ki nan prizon. Madam Hawkins-Taylor te pran kou tou atravè Marymount Manhattan College. Lè li lage, Madam Hawkins-Taylor gen plan pou kontinye travay li pou sipòte moun ki sivivan vyolans domestik.

Yo te kondane David Herion, 49 ane pou Tantativ Asasina nan Dezyèm Degre, Atak nan Premye Degre, Atak nan Dezyèm Degre ak Posesyon Kriminèl yon Zam nan Dezyèm Degre an 1997. Yo te kondane li pou 45 ane nan prizon, kote li te sèvi plis pase 26 ane ak mwatye tan li. Pandan anprizònman li a, Mesye Herion te angaje nan divès pwogram terapetik, pwofesyonèl ak pwogramasyon volontè. Li te yon patisipan ak fasilite nan pwogram prevansyon vyolans, te travay kòm yon èd swayan ki bay swen palyatif, epi li te sèvi kòm yon konseye jèn atravè yon pwogram ki vize anpeche krim ak kenbe jèn yo sou yon chemen lavi pwodiktif. Mesye Herion te sèvi tou kòm yon manm nan branch NAACP nan etablisman li a, sa k ap ede òganize aktivite pou devlope kominote a pou lòt moun ki nan prizon. Mesye Herion te sèvi kòm volontè pandan plizyè ane nan depatman lwazi etablisman li a, ki ede òganize evènman tankou jounen fanmi, gradyasyon inivèsite, evènman atistik ak plis ankò. Pandan Mesye Herion te nan prizon, li te aktif tou nan kominote relijye li a epi li te sèvi kòm konseye pou lòt moun. Lè yo lage li, Mesye Herion pral viv ak madanm li.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)